


# ANN BAY LODYANS 11

Se Bryant Freeman  
("Tonton Liben") ki  
pare ti liv sa a.



PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 11

## AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas

Bon Nouvèl

Fondasyon Alfa Lwès

1997

PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 11

## YON PWASON KI RELE TEZEN

Vwala se yon jennfi yo rele Wozilya ak yon jennjan yo rele Tezen ki te renmen. Men paran fi a pa t dakò ak afè a. Lè Wozilya di Tezen sa, gason an di: "Bon, m pral tounen yon gwo pwason nan sous dlo kote tout moun bwè a. Dlo a ap toujou sal. Ou menm, chak fwa ou vin pran dlo, rele m twa fwa, epi chante tèl chante. Konsa dlo a ap vin pwòp, epi ou a plen vèso ou."

Tezen tounen yon pwason vre, jan l te di a. Nan denmen Wozilya leve, l al nan dlo. Lè l rive, pwason an te deja nan dlo a. Tifi a rele Tezen twa fwa, epi li pran chante chante a. Lamenm pwason an vin pase. Dlo a vin pwòp, li pran, l ale. Men lòt



moun nan zòn lan, lè yo vin pran dlo nan sous la, dlo a te toujou sal. Men chak fwa Wozilya vin

nan dlo, li toujou pran dlo pwòp. Moun lakay li menm mande l ki kote li jwenn dlo pwòp. Li di se nan menm sous la. Epi chak jou se konsa.

Wozilya te gen yon frè, yon gran ti gason. Yon jou li di manman l: "Manman, m pral kache bò dlo a pou m wè kisa sè m lan ap fè pou l pran dlo

**pwòp.**" Menm jou a, Wozilya leve, l al nan dlo. Ti frè li pase devan l, l al kache nan rakkwa bò dlo a pou sè li pa wè l. Sè a menm konnen pa gen moun k ap veye l. Li rele Tezen twa fwa ak yon ti vwa dous, epi li pran chante. Pwason an parèt, li balanse ke l tou dousman e dlo a kòmanse vin klè kou dlo kokoye. Tezen pwoche bò Wozilya, yo fè bon ti moman ap koze. Yo pale yo pale yo pale. Apre, Wozilya pase enpe dlo fre sou figi l, sou bra l, sou janm li, epi li plen kalbas li nan bél dlo pwòp la. Apre sa, li tounen lakay.



Men ti frè a ki te la ap veye, ap koute, vini pou li pran dlo. Se dlo sal li jwenn. Li pete yon sèl kous kouri. Lè l rive lakay, li rakonte papa l ak manman l tout sa l sot wè a. Granmoun yo pa t ka kwè istwa sa a. Men lè yo byen reflechi, papa a di: "Poukisa ti gason an ta envante yon koze kon sa. Bon, denmen n ale nan sous la. M vle wè ak de gress je m si se vre."

Nan denmen, lè Wozilya ale nan dlo, papa li ak manman li ale kache kò yo bò sous la pou yo wè

bagay sa a. Yo mete de men nan tèt, tèlman yo sezi. Papa a di: "Fòk nou delivre Zilya. Se pou nou touye pwason sa a." Men manman an di: "Si nou bezwen touye I, fòk tifi a pa la. N ap fè sa lè I ale nan mache, san nou pa di I anyen."

Chak jou samdi, tifi a te gen pou I al nan mache. Konsa Wozilya leve byen bonè pou I gentan al fè mennaj li yon ti vizit. Yo pase yon bon moman ansanm, men anvan li ale, Tezen di I: "Mwen santi malè pral rive m. Lè ou tandé midi sonnen, gade wòb ou, bò kè a. Si ou wè twa gout san, ou mèt konnen Tezen mouri." Wozilya sezi, li pete kriye kriye: "O! Tezen, pa di sa, se pa vre." Li vire gade Tezen yon dènye fwa, epi li pati byen prese, tèt li atè.


Apre Wozilya ale nan mache, manman I, papa I, ak ti frè I rive bò sous la. Ti gason an pran vwa ti sè I, li rele Tezen twa fwa, epi li chante chante a. Tezen sòti nan fon dlo a, epi yo touye I. Dlo a vin wouj. Menm lè a, nan mache, twa gout san gentan tonbe sou rad tifi a. Li santi kè li sote, kè li sere. Menm lè a, je li plen dlo. Li konnen: Tezen mouri. Li kouri li kouri tout boulin ale nan sous la. Li rele, li rele, epi li chante, li chante. Tezen pa janm parèt.

Wozilya pase plizyè jou nan kay la. Li pa manje, li pa pale. Li vin mèg, chagren nan kò I. Yon jou li

**pran yon ti chèz, li chita dèyè kay la, li tonbe kriye:**  
“Tezen, Tezen, bonnami mwen, kote ou ye, kote  
ou ye?” Li pran chante chante a. Epi, plis I ap  
kriye, plis I ap chante, plis ti chèz la ap desann  
anba tè. Lè manman I tande vwa li vin fèb fèb, li  
kouri al gade. Sèl yon ti très cheve te rete deyò,  
epitou, menm lè a, ti très la disparèt.



**Tezen rele Wozilya.** Li ale avèk li. Kounye a, lè  
ou rive nan dlo a, ou jwenn de pwason: Wozilya  
ale viv ak Tezen anba dlo a. Lanmou pi fò pase  
lanmò.



## JAN LESPRI NAN YON SAK

Yon jou konsa, lè Jan Sòt santi jalouzi a monte I twòp, li pran Jan Lespri, li mete I nan yon sak pou I al plonje I nan lanmè. Li peye de potorik gason pou ede I fè djòb sa a. Lè li rive bò lanmè a, de nèg sa yo mete sak la atè. Epi li menm, Jan Sòt, I al chache kèk wòch pou I kab fè sak la pi lou. Etan Jan Lespri andedan sak la, li tande gason yo k ap di: “Mezanmi, tan pou n t ap plede leve bout sak kon sa, nou ta pito al travay nan jaden. An verite, si nou te jwenn yon lòt travay, nou ta kite vye djòb sa a.”

Lamenm, Jan Lespri di: “Nou wè, mesye, yo mete m nan yon sak pou yo voye m al travay nan yon peyi sensan goud pa senmenn, nan wouze ti flè sèlman. A, si nou vle ban m lajan nou pote a, m a fè nou pran plas mwen.” De gason yo lage bouch sak la, yo bay Jan Lespri lajan yo, yo rantre andedan sak la, epi Jan Lespri mare bouch sak la byen mare. Apre sa, li ale. Lè Jan Sòt vini, li mete wòch e li plonje sak la nan dlo.

Lè Jan Sòt rive lakay li, li di: “Anfen, m kap pran bèf Jan Lespri a kounye a.” Men I ap tann lòt senmenn pou I al gaspiye byen Jan Lespri yo.

Apre yon senmenn, li tande yon moun andedan kay Jan Lespri a ki fè: “Ohan! ohan!” Lamenm li

sote e li di konsa: “E, sa ki fè sa? M te kwè Jan Lespri te mouri.” Li te pè rantre. Yon lòt ti moman li tande: “Ohan! frè, m di ou rapouswiv mwen vre. Ou touye bèf mwen, mwen menm m vann po a. Ou touye madanm mwen, mwen menm m vann kadav la. Men ou ale lage m nan lanmè pou m neye. Okontrè, olye m mouri, m al travay nan yon peyi sensan goud pa senmenn nan wouze ti flè sèlman. Se paske mwen deja gen kòb ki fè mwen pa rete.”

Jan Sòt sezi piplis toujou. Li di: “Ou pa mouri, Jan Lespri, ou pa mouri! Monchè, Bondye avèk ou vre. Jan Lespri, fè m sa tou.” Lè li di sa, Jan Lespri pran li vre, li mete l nan yon sak, l al plonje l nan lanmè. Jan Sòt mouri nèt.

**Twòp lanbisyon gen pou l fè tout malè rive nou.**

**Lamèsi Montelis, Ravin Twonpèt, Pilat**




## BÈF AK MOUCH

Yon bèf te konn rete sou pant mòn lan ap manje zèb. Mouch te vini ap mòde ke l. Yo t ap nwi bèf la, yo t ap mòde, yo t ap pike ke bèf la. Se poutèt sa tout tan bèf la t ap voye ke li adwat e pi agòch. Kote bèf la te konn manje te bò yon machann tablèt lakòl.

Yon jou machann lan t ap fè tablèt, chita devan pòt kay li. Atè l te gen yon gwo mamit tou plen siwo pou l travay. Bon! Machann lan antre anndan pou l al chache chodyè l. Bèf la wè siwo pwès la, li di m ap kenbe mouch yo.

Bèf la ale bò kot kay la, li tranpe ke l nan siwo a. Lò li tounen bò ti zèb la, mouch yo pran sant bon siwo a. Yo tout vole sou ke bèf la. Yo tout kole nan siwo a. Bèf la annik chita sou ke l, konsa l kraze tout mouch yo. Yo tout mouri.

Mouch yo t ap nwi bèf la. Men sa k rive mouch yo.




Chal Fènan Preswa,  
*Sèt Powèm ki Soti nan Mòn*



## BOUKI DÈYÈ BOULE

Yon jou Malis ale vòlè dènye bèf wa a te genyen. Lè yo te kenbe Malis, yo mare I. Twouve konpè Bouki ki t ap pase. Li di konsa: "Sa ou ap fè la a?" Malis reponn: "Se wa a ki mare m, pou li kab fè m manje dènye bèf ou wè la. E mwen menm, m santi m pa kapab manje yo."

Bouki di: "Oke, konpè Malis, pa gen pwoblèm. Ban m plas ou a, wi." Malis di: "Konsa, monchè, demare m vit." Bouki demare I vit pou wa a pa gentan vini. Lè I fini, Malis pran kòd la, li mare Bouki byen mare. Lè wa a parèt, li di: "A! se ou ki t ap vòlè bèf mwen yo." Bouki reponn: "Ou pa bezwen pè, wa. M a manje yo tout."



Lè sa a, wa a voye chache yon gad. Li di I: "Pran li, flank li sou platin lan." Bouki rele, li rele, li rele...


Se sa k fè, lè timoun yo ap bay istwa, yo rele nèg sa a "Bouki dèyè boule." Pase mwen t ap pase, yo ban m pen nan boutèy, diven nan pànye.

Deniz Legayè

## PIYAY MANGO

Te gen yon msye ki te gen yon gran jaden bannann. Nan jaden sa a, te gen anpil mango tou. Moun pa t janm vòlè ladann paske tout moun te pè nèg la. Epi, sa k rive? Lè jaden an te bon pou sakle, msye pran dis nèg pou fè travay la. Msye fè pri ak travayè, tout nèg dakò.

Men anvan mèt jaden an ale, li di nèg yo: "Mesye, nou mèt manje valè mango nou kapab, se mwen menm ki ban nou dwa. Men, yon sèl bagay n ap fè pou mwen: pa jete yon sèl gress mango yo. Se pou chak nèg sanble pil gress mango pa l apa, paske m va bezwen yo."



Tout nèg di wi, nèg yo kontan. Kon msye a vire do, mesye yo tonbe nan manje mango. Yo fè plèd pou yo wè sa k manje plis mango. Sa k rive, jaden an te tèlman gran, nèg yo pase yon mwa ladann ap travay tous yo fin manje tout mango ki te genyen. Konsa, pil gress mango nèg monte men wotè.

Lè mèt jaden an tounen, li di: "Mesye, nèg la ki manje plis mango, se avè l m ap pi kontan." Gen yon nèg ki te manje menm yon dis barik. Lè l tande sa, msye kontan. Gen youn ki pa t gran manjè, se

apenn si I te manje ven mango. Ti pil msye a te tou piti.

Mèt jaden an di: “Mesye, kounye a travay la fini. Mwen pral peye nou dapre kantite pil gress mango nou. Se pou chak nèg mennen m nan pil pa li a.” Li kòmanse pa nèg dis barik la. Li di I: “Se sa! Nèg la kap desann mango! Monchè, ou te travay pou 150 goud, men ou manje mango pou 149 goud. Men lòt goud la ki rete a.”

Konsa li pase nan pil chak nèg. Li kalkile pou sa li manje a, epi li ba li sa ki rete pou li a. Tout nèg yo te travay pou menm valè a, 150 goud. Lè li regle pou nèg ki te manje pi piti a, li di: “Ou menm monchè, ou pa gen gran vi, ou manje pou yon goud sèlman. Men 149 goud ki rete a.”



Apre sa, tout nèg frèt, bra kwaze. Yo te antre nan mango a an fourad, paske yo pa t konnen ki pyèj mèt jaden an te pare pou yo. Monchè, petèt sa ta rive m tou, jan m renmen mango!

Renan Diran, Latòti

## APA MÒ PALE!

Vwala te gen yon pòv avèg ak yon pòv ki byen enganm. Yo te rete menm kote. Pòv enganm lan se te yon gwo nèg ki te kapab travay. Men parès te fè I pito mande charite. Se li ki te konn kondi avèg la nan baton.



Tout kote mesye sa yo pase, se avèg la ki toujou jwenn plis bagay. Moun refize charite lòt pòv la. Yo di li ka travay. Sa vin lakòz yon jalouzi. Lòt kòlèg la vin rayi malere a. Konsa li monte yon plan pou touye I.

Yon jou li vin di avèg la: “Monchè, mwen bouke pase mizè. M pa wè anyen pou m fè ankò sou latè. Mwen pral jete tèt mwen nan lariivyè a. Piske

**ou se zanmi m, mwen vin pale ou. Si ou fè menm lide a, ou a di m.” Avèg la di: “Si ou menm ki gen bon je, ou pral touye tèt ou pou move zafè, e mwen menm ki avèg! Alò konpè, lè ou prale, ou a pase pran m.”**

**Nan aswè, li vin chache avèg la pou yo ale. Rive yo rive bò dlo a, li di l: “Monchè, nou deja reziyen nou pou n mouri. Alò, ban m men ou pou n plonje ansanm.” Avèg la di: “Non papa. Ou devan, mwen dèyè.”**

**Nèg la chache yon gwo wòch, epi li di avèg la orevwa. Li lage wòch la nan dlo a. Tchouboum! Men avèg la te sispek bri sa a se pa t moun, se yon wòch. Li kòmanse pale: “Kòlèg mwen ale vre. Li pa sou latè ankò. Kounye a se tou pa m. Men, anvan m mouri, fò m fè mò pale.” Se konsa avèg la kòmanse voye baton adwat agòch, kote l jwenn. Epi yon kout baton vin tonbe nan zo tèt koken an ki te sere nan yon kwen bò dlo. Kow! Nèg la rele: “Woy! Avèg la ap touye m!”**

**Avèg la ri: “Kwa kwa kwa! M te kwè ou mouri, kouman ou fè ap pale? Monchè, m pa nan kontak ak mò. Se kounye a ou pral pran makak. Koken, lougawou, men pa ou! Kòmsi, poutèt m avèg, ou panse se sòt mwen ye? M ap montre ou sa m peze. Satan! Men pa ou!”**

# TANDE AK WÈ

**Ti Malis:** Pa gen dout, se ou menm, wi, ki nèg pi sòt m konnen!

**Bouki:** Sa pou m fè? Mwen fèt konsa!

**Ti Malis:** Oke, se pou ou reponn mwen de (2) ti keksyon. Kisa ki ta rive ou si yo te koupe yon zòrèy ou?

**Bouki:** Pa gen pàn. Mwen pa ta kapab tandem anyen.

**Ti Malis:** Oke. Konsa kisa ki ta rive ou si yo te koupe toulede zòrèy ou?

**Bouki:** Enben, si se te konsa, mwen ta avèg, m pa ta ka wè anyen.

**Ti Malis:** Sa ou di la? Si yo te koupe toulede zòrèy ou yo, ou pa ta ka wè anyen?

**Bouki:** Enben, pa gen pàn. Si m te pèdi toulede zòrèy mwen yo, chapo m ta tonbe sou je m!

*Chita Pa Bay*

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5118-2

FÒK TOUT MOU

FÒK TOUT MOUN



9 780840 051189

50200

FREEMAN, BRYANT

ANN BAY LODYANS VOL.11

GCON

08/03/00